

## Chè Rezidan New York,

Toupatou nan eta nou an, moun ki gen istwa kriminèl ap fè fas ak obstak pou reantre nan kominote yo epi vin yon manm pwodiktif nan sosyete a.

Aprè yo soti nan prizon, bon jan reyabilitasyon souvan depann sou aksè a resous enpòtan yo, tankou travay, edikasyon ak lojman.

Erezman, lwa nan Eta New York egziste pou pwoteje dwa moun ki nan New York ki gen istwa dosye kriminèl pou sekirize travay ki pwofitab, pouswiv yon edikasyon, epi jwenn lojman. Ti liv sa esplike kèk nan lwa sa yo ki genyen ladan li enfòmasyon sou kisa pou ou fè si ou kwè yon anplwayè, minisipalite, yon ajans pou bay lisans, oubyen yon konpayi verifikasyon enfòmasyon jeneral ap fè obstak.

Eta New York la angaje li pou bay opòtinite a chak moun ki ap chèche yon pi bon avni. Si ou genyen nenpòt kesyon oubyen enkyetid, tanpri pa ezite kontakte biwo mwen an.

Ak tout senserite,

*Letitia James*



Pwokirè Jeneral Vil  
New York la  
**Letitia James**

# Resous yo

## **Biwo Dwa Sivil Pwokirè Jeneral Eta New York lan**

28 Liberty Street  
New York, NY 10005  
(212) 416-8250  
(800) 788-9898 (TDD)  
[ag.ny.gov](http://ag.ny.gov)

## **Divizyon Dwa Moun Eta New York la**

One Fordham Plaza, 4th Floor  
Bronx, NY 10458  
888-392-3644  
[dhr.ny.gov](http://dhr.ny.gov)

## **Sètifika Inite Revizyon Divizyon Libète pwovizwa Eta New York la**

97 Central Avenue  
Albany, New York 12206  
518-485-8953  
[doccs.ny.gov/board-parole](http://doccs.ny.gov/board-parole)

# Obstak pou Reantre

## Dwa ou aprè Reyabilitasyon



Biwo Pwokirè Jeneral  
**Letitia James**  
nan Eta New York



## Lwa Eta Kijan yo pwoteje ou

Lalwa Eta New York sou Dwa Moun lan, ak Lalwa Koreksyon New York la entèdi anplwayè yo, minisipalite yo, ajans pou bay lisans yo, ak konpayi verifikasyon kazye jidisyè yo fè diskriminasyon kont moun kap aplike yo ak anplwaye yo sou baz istwa kriminel.

Dapre Lalwa NYS sou Dwa Moun 296(16) anplwayè ak ajans pou bay lisans yo pa kapab mande oswa pran desizyon sou aplikan sou baz:

- Yon jijman sou jèn delenkan;
- Yon dosye sele;
- Yon ofans ki padone;
- Yon arestasyon ki pat gen kondanasyon ladan
- Refeksyon ranvwa ki ajoune.

Dapre NYS Koreksyon Lwa 23-A, patwon yo dwe endividyèlman analize chak istwa kriminel aplikan an pou detèmine si wi ou non kondanasyon li an gen rapò ak travay li ap chèche a.

Anplwayè ka sèlman refize yon moun pou travay ki baze sou yon dosye kriminel si kondanasyon an dirèkteman gen rapò ak fonksyon travay la, oubyen si patwon an detèmine ke anplwaye moun nan ka poze yon risk rezonab pou moun oswa pwopriyete a.

Anvan ou rejte nenpòt kandida sou baz istwa kriminel, patwon yo dwe konsidere plizyè faktè tankou nati ofans lan, tan ki pase depi ofans lan, laj aplikan an nan moman ofans lan, ak prèv reyabilitasyon lè yo ap analize chak istwa kriminel aplikan.

**Remak:** Lwa Eta ka entèdi moun ki gen istwa kriminel yo jwenn kèk lisans ak kèk travay; anplwayè sa yo egzante de règleman sa yo.

## Aksyon ki Entèdi yo

Men kèk nan egzanp tipik aksyon lalwa entèdi:

Otomatikman diskalifye nenpòt aplikan, oswa otomatikman revoke oswa refize ankouraje yon anplwaye paske yo gen istwa kriminel;

Poze aplikan kesyon sou arestasyon si yo pat menm kondane li;

Poze aplikan kesyon sou jijman delenkans jivenil, padon oubyen dosye ki sele;

Refize pou yo konsidere enfòmasyon ki enpòtan nan evalyasyon kazye jidisyè aplikan, ki gen ladan laj li te genyen nan moman ofans lan ak prèv reyabilitasyon.

## Retire Obstak Sètifika nan Reyabilitasyon

Sètifika Reyabilitasyon (CARE) bay aplikan yo travay ak prèv ki montre reyabilitasyon yo epi yo ka retire obstak otomatik pou fèmen kèk lisans. Eta New York la ofri de (2) fòm sètifika reyabilitasyon:

Sètifika Soulajman Enkapasite (CRD) yo disponib pou moun ki gen nenpòt valè kondanasyon pou deli, men pa plis pase yon kondanasyon pou krim. Li nesèsè pou chak kondanasyon gen CRD pa yo. Yo ka akòde yon CRD tanporè nan moman yon moun an pwobasyon oubyen nan libète kondisyonèl, epi nan fen pèn nan, li vin poutoutan sèlman si yo revoke li. Tribinal kondanasyon ak Depatman Koreksyon ak Sipèvizyon nan Kominote a gen otorite bay CRD.

Sètifika pou Bon Kondwit (Certificates of Good Conduct, CGC) yo ap disponib pou moun ki gen de (2) oubyen plis kondanasyon krim ak nenpòt ki kantite kondanasyon deli. Disponibilite yon CGC varye depann sou gravite ofans lan. Yon CGC pral kouvri tout istwa kriminel yon moun. Depatman Koreksyon ak Sipèvizyon nan Kominote a gen otorite pou bay CGC.

## Jwenn Verifikasyon kazye jidisyè ou

Ou genyen dwa pou jwenn respè sou nenpòt kazye jidisyè ke yon anplwayè ta jwenn sou ou. Lwa sa yo anba N.Y. Gen. Business Law (Lwa Biznis Jeneral New York) § 380, Lwa pou Rapò Jis sou Kredi (Fair Credit Reporting Act, FCRA) Eta New York. Anba FCRA:

Ou dwe otorize nenpòt verifikasyon kazye jidisyè yon anplwayè ta vle fè ou.

Ou gen dwa pou wè verifikasyon kazye jidisyè ke yon yon anplwayè te resevwa, epi pou konteste nenpòt enfòmasyon ki ladan ki san fondman, oubyen si anplwayè ou an pa genyen dwa.

Se anplwayè a finalman ki responsab pou detèmine si wi ou non kondanasyon ou an diskalifye ou pou travay. Konpayi verifikasyon kazye jidisyè pa kapab pran desizyon sa. Si ou resevwa yon verifikasyon kazye jidisyè ki make ak ti desen drapo wouj la, oswa nenpòt ki notasyon ki endike ke ou pap anplwaye, tanpri kontakte Biwo Pwokirè Jeneral la oswa Divizyon Dwa Moun.